8. www.ziyonet.uz
9. www.edu.uz
10. www.gov.uz
11. https://www.neuroquantology.com/article.php?id=9645

**REZYUME.** Bu maqolada jahondagi yetakchi oliy ta'lim muassasalarida elektron ta'limdan foydalanish tajribasi va O'zbekistonda qo'llanilayotgan elektron ta'lim usullari tahlil qilinadi. Elektron ta'lim resuruslarini yaratish texnologiyalari va ularning o'quv jarayonlarini takomillashtirishdagi tadbig'i keltirilgan.

**РЕЗЮМЕ.** В данной статье будет проанализирован опыт использования электронного обучения в ведущих мировых высших учебных заведениях и методы электронного обучения, применяемые в Узбекистане. Представлены технологии создания электронных образовательных ресурсов и их применение в совершенствовании процессов обучения.

**SUMMARY.** This article will analyze the experience of using e-learning in the world's leading higher education institutions and the methods of e-learning used in Uzbekistan. The technologies for creating electronic educational resources and their study in the improvement of educational processes are presented.

## IBRAYÍM YUSUPOVTÍŃ "MENIŃ ÚYIM" QOSÍǴÍN OQÍTÍWDA PSMU METODÍN QOLLANÍW

**A.Darmenov** – *tayanısh doktorant*
*Ájiniyaz atındaǵı Nókis mámleketlik pedagogikalıq institutı*

**Tayanch so'zlar:** Ibroyım Yusupov, maktab, FSMU, she'riyat, mehmon.
**Ключевые слова**: Ибрагим Юсупов, школа, ИППО, поэзия, гость.
**Key words:** Ibrayim Yusupov, school, IREG, poetry, guest.

Ulıwma bilim beriw mekteplериniń 7-klası ushın shıǵarılǵan "Ádebiyat" sabaqlıǵında [1:14,15] I.Yusupovtıń «Meniń úyim», «Aralǵa», «Qara tal», «Ana», «Seksewil» qosıqları berilgen. Bul qosıqlardıń tiykarǵı tematikası Watan, tuwǵan jer, onı kóz qarashıǵınday qorǵaw sıyaqlı ideyalarǵa qurılǵan. Oqıwshılarǵa ele poeziyalıq qatarlarǵa kirispesten burın shayır ómiri hám dóretiwshiligi tuwralı qısqasha túsinik beriwde shayırdıń ózi kórkemlik penen jazıp qaldırǵan avtobiografiyalıq maǵlıwmatlardan paydalanılǵan. Shayırdıń qosıqların oqıtıwda bolsa biz qosıq mazmunınan kelip shıqqan halda birqansha metod hám texnologiyalardan paydalana alamız. "I. Yusupovtıń qaysı shıǵarmasın oqıwshıǵa túsindirmeyik yáki onnan soramayıq, onı gúrrińlesiw jolı arqalı ótkeriw múmkin. Oqıwshınıń sabaqqa bolǵan issheńligin rawajlandırıw maqsetinde muǵallim oǵan sol material boyınsha sorawlar beredi" [2:3,4]. Álbette, gúrrińlesiw usılı bul ulıwmalıq bolıp, onı derlik barlıq temalardı ótkende qollanıw múmkin.

Shayırdıń "Meniń úyim" qosıǵın oqıtıwda oqıtıwshıdan qaraqalpaq xalqına tán úrp-ádet, dástúrlerdi jetik biliw talap etiledi. Óytkeni, qosıqta xalqımızdıń miymandoslıǵı, keńpeyilligi salt dástúrlerimiz benen birge sheber beriledi. Sonday-aq, qosıqtıń mazmunın tereńnen ańlatıwda oqıtıwshıǵa PSMU metodı da járdem beredi.

PSMU metodınıń ulıwmalıq sxeması tómendegishe:

**P –** Pikir. Pikirińizdi bayan etiń;

**S –** Sebep. Pikirińizdi tiykarlap beretuǵın sebepti kórsetiń;

**M-** Mısal. Kórsetilgen sebebińizdi tastıyıqlawshı mısal keltiriń;

**U–** Ulıwmalastırıw. Pikirińizdi ulıwmalastırıń.

Qosıqtaǵı ulıwmalıq pikir ne? Ol hár shuwmaqtı oqıǵan sayın birin biri tolıqtırıp bara beredi. Sonlıqtan, dáslebinde qosıqtı sońına deyin klass penen oqıp shıǵıwǵa tuwra keledi.

Shól hám bostan máńgi óshlesken jerde,
Gúl hám juwsan qońsı ósken óńirde,
Adam jatırqamas úyim bar meniń,
Hámme jerdi kóriw kisige már me!

Demek, qosıqtıń dáslepki shuwmaǵına názer taslaytuǵın bolsaq, qosıq shayırdıń úyi tuwralı aytılıp atır. Bul úy, álbette, tuwra mánidegi ápiwayı úy emes. Óz úyin adam kimge bulay tanıstırıwı múmkin? Álbette, úyine keletuǵın insanǵa, yaǵnıy miymanǵa. Demek, qosıqta aytılajaq tiykarǵı pikir bul miymandoslıq.

«Jerdiń túbi ǵoy» dep qıynalıp júrme,
Shaqırıp mazańdı almayın seniń,
Biraq adam menen adam duslasar,
At baspayman degen jerin úsh basar.

Qosıqtıń ekinshi shuwmaǵında shayır ele úyine kelip úlgermegen miymannıń da kewline qaraydı. Bunda "jerdiń túbi" frazasınan hám "at baspayman degen jerin úsh ret basadı" maqalınan paydalanadı. Qosıqtıń keyingi úshinshi shuwmaǵında biz metodımızdıń "Sebep" bólimin kóremiz.

Naǵaybıl duz tartıp kelseń bulmanǵa,
Esigimdi qaǵıp, tartınıp turma,
Dúziw niyet penen erkin kele ber,
Kel, qonaǵım, esik qaqpay kire ber!

Shayır óz xalqınıń qanshelli qonaqshıl, qonaq dese janın qoyarǵa jer tappay háwliretuǵının usı qatarlarda sheber bayanlaydı. Xalıqlıq túsinikte "esik ashıq bolsa da, sorap kir" degen sóz júredi. Al, shayır usı miymandos eldiń perzenti sıpatında kelgen qonaqqa "esik awzında tartınıp turmay, erkin kire beriwin" eskertedi.

Mısal keltiretuǵın bolsaq, shayır keyingi shuwmaqlarda qonaqshıllıqtıń qanshelli xalıqlıq dástúr ekenin mınaday bayanlaydı:

Úyge shaqırıwsız qonaq kelgeni,
Bul hám azamatlıq abırayıń seniń!
Shaqırmay kelgeni – zeyni ilgeni,
«Adam adam ushın miyman» ekenin...

Meniń de ózińdey isim kóp múshkil,
Bir basta kóp jumıs irili-maydalı,
Lekin, qonaq kútiw – jumıs emes bul,
Bul men ushın kórkem óner bayramı.

Kórip turǵanıńızday, shayır qonaq kútiwdi kórkem óner bayramı sıpatında qaraydı. Adamnıń adamǵa ǵániymet ekenligin ańlatıw ushın shaqırtıwsız naǵaybıl keliwi de qonaqtıń ilgir zeyin iyesi ekenliginen derek beredi dep kórsetedi. Sonday-aq bul xalıqlıq dástúrdi súwretlewde shayır kórkemlew quralların da sheber paydalanadı. Mına shuwmaqta shayır miynetke pisik pillekesh xalqımızdıń obrazın da berip ótedi. Teńew arqalı qonaqshıllıq qádiriyatımızdı salıstıra súwretleydi.

Qásterleymiz qonaqtıń qay-qaysısın,
Nawqan qurttay ille-pillege orap.

Óz eliniń keńpeyilliginiń sebebi retinde mına qatarlardı da kórsetiw múmkin.

Jaylısın da kórdik,
Kórdik jaysızın,
Qonaqtıń jamanın kórmedik biraq.

Durısında da kimdur asıǵıs, kimdur biymálel bolıp keledi. Biraq shayır basqa bir qosıǵında aytqanınday, "qonaq kútiw ziyneti hár adamnıń" [3:4].

Shayır eskertpey kelgen qonaqtan renjimeydi. Qaytama onı sıy-húrmetke bólep, "kel, tórle, biradar" dep qarsı aladı.

Shaqırıwsız qonaq biymillet qonaq,
Kel, tórle, biradar,
Azamat insan!
Bir sulıw dúnyaǵa bolǵaysań inaq,
Kewil esigimdi ashayın saǵan...

Bundaǵı "kewil esigi" metaforasına itibar qaratıń. Ádette, tuwra mánide qonaq kelgende úydiń esigi ashıladı. (Házirleri ashpay turıp "kim?" dep te sorap alıp júrmiz).

Soń ishke mirát etiledi. Al, shayır bul jerde úyinikinen beter kewiliniń esigin ashajaq. Yaǵnıy ózi basqa bir qosıǵında aytqanınday, “jalǵız atın qonaqqa soyıp berip” bolsa da onı kútiwdi niyet etken. Bul da metodımızdıń sebep bólimin tolıqtırıwshı qatarlardan biri.

Biziń xalıqtıń kewlin qaysı bir gezde,
Heshqanday húkimdar,
Heshbir patsha, xan –
«Miymandoslıq» degen duwalı sózdey,
Billáhiy, hesh jawlap ala almaǵan..

Tariyxta kóp jawgershilikti kórgen xalqımız birde monǵol xanlarınıń, birde arab húkimdarlarınıń, qazaq júzleriniń, Orta Aziya xanlıqlarınıń zorlıq-zombılıqlarına ushırap kelgen. Gezinde óz aymaǵına baǵınıshlı etip otırǵan jerleri de bar. Biraq kórkem sózdiń qúdiretine qarańız! Shayır bunda “Miymandoslıq” degen duwalı sóz joqarıda sanaǵan xan hám húkimdarlardıń qúdireti tolıqlay jetpegen jawlap alıw degen qásiyetke iye dep kórsetedi.

Xosh miymanım,
Kelmekte bol bul úyge,
Keshegi qonaǵım –
Búgingi dostım.
Dos arttırıw – eń bir ullı ǵáziyne,
Raxmet, ırısıma sen ırıs qostıń.

Shayır “Doslıq dese juldız tawıp alǵanday” quwanatuǵın xalqınıń qonaqtı uzatıp salıw dástúrin de jaqsı bayanlaydı, yaǵnıy, xoshlasa turıp taǵı da úyine mirát etedi. Keshe ómirinde tuńǵısh ret kórgen insanı – qonaǵı búgin dostına aylanıwı da metodımızdıń sebep bólimin tolıqtıradı.

PSMU metodınıń ulıwmalastırıw bólimine óterde qosıqtıń juwmaqlawshı bántbasar eki kupletin keltiriw orınlı. Aldınǵı shuwmaqta qonaqtı taǵı da óz úyine (Watanına) mirát etip qalǵan shayır bul mákandı barınsha súyetuǵınlıǵın aytadı.

Saw júrsek tabarsań bizdi hárdayım,
Usı shól hám bostan aralıǵınan,
Saǵan unay ma dep sorap neǵılayın,
Suwım da, qırım da ózime dárman.

Adam dos, qostar, kásip saylawı múmkin, biraq ata-ana hám Watandı saylaw múmkinshiligine iye emes. Sonlıqtan, onı bar kemshiligi menen súyeseń. Kelgen qonaǵıńa unasın, unamasın ol seniń úyiń, seniń Watanıń. Shayır áne usı pikirdı bul shuwmaqta kórkem bayanlaydı. Qosıqtıń sońǵı shuwmaǵında da shayır ózi tuwılıp ósken jerin oǵada sulıw sózler menen bezep súwretleydi. Bul óz úyi dúnyanıń qaysı bir burshınan kelgen qonaq bolsın, bári-bárin de qarsı ala aladı, “asıq dostım biziń jaqqa jetiwge” dep turǵanday boladı shayır.

Bir jaǵım suw, bir jaǵım shól bolmasa,
Beyish qurıp berseń de men barmayman,
Gúl hám juwsan iysi ańqıp turmasa,
Ol jerde men qaraqalpaq bolmayman.

Qaraqalpaqstannıń geografiyalıq jaylasıwı ondaǵı qaraqalpaqlardıń táǵdiri menen sińisip ketken. Qosıqtıń dáslepki shuwmaǵı menen sońǵısı arasındaǵı baylanıs “shól hám bostan” menen “gúl hám juwsan”nıń oqıwshı yadına qayta túsiriliwinde kórinedi.

Juwmaqlap aytqanda, ulıwma bilim beriw mektepleriniń 7-klası ushın shıǵarılǵan “Ádebiyat” sabaqlıǵında xalıq shayırı Ibrayım Yusupovtıń “Meniń úyim” qosıǵın oqıtıwda PSMU metodın qollanıw oqıtıwshı ushın jaqsı nátiyje beredi.

## Ádebiyatlar

1. Niyetova R., Mámbetov I., Jaqsımova G. Ádebiyat. 7-klass ushın sabaqlıq. –Tashkent: 2022, 14-15-b.
2. Айжанова З. Әдебият сабағында И. Юсуповтың шығармаларын үйрениў. –Нөкис: «Билим». 1993.
3. Юсупов И. Күншығыс жолаўшысына. – Н.: «Қарақалпақстан». 1999.

**REZYUME.** Maqolada umumta’lim maktablarining 7-sinfida I.Yusupov ijodini oʻqitish haqida soʻz yuritiladi. Unda PSMU metodining ahamiyatiga toʻqtaladi. Oʻquvchilarni shoir ijodiga qiziqtiradi.

**РЕЗЮМЕ.** В данной статье анализируется процесс преподавания творчества И.Юсупова в 7 классе общеобразовательных учреждений. Особое внимание уделяется значимости метода ПСМУ. Материал направлен на стимулирование интереса учащихся к творческому наследию поэта.

**SUMMARY.** The article discusses about teaching the work of I.Yusupov in the 7th grade of secondary schools. It focuses on the importance of the method «PSMU». Students are interested in the work of the poet

# ҚОРАҚАЛПОҚ АНЪАНАЛАРИНИНГ ТАЪЛИМ-ТАРБИЯВИЙ МАЗМУНИ

**А.С.Исмайлов –** *педагогика фанлари бўйича фалсафа доктори*
*Ажиниёз номидаги Нукус давлат педагогика институти*

**Таянч сўзлар:** урф-одат, анъана, қўшиқ, халқ нақллари, мақоллар, бешик жирлари (алла), топишмоқлар, жумбоқлар, эртаклар, бет очар.
**Ключевые слова:** обычаи, традиции, песни, народные сказки, пословицы, колыбельные, загадки, сказки, открывалки.
**Key words:** customs, traditions, songs, folk tales, proverbs, lullabies, riddles, fairy tales, bottle openers.

Юртимизда ишлаб чиқаришнинг барча соҳаларида юз бераётган ўзгаришлар, баҳс-мунозаралар, ҳар хил фикр ва тушунчалар мактаб ҳаётида, хусусан, ёшларни тарбиялаш борасида ўз таъсирини кўрсатмоқда.

Ҳозирги вақтда ёш авлодга таълим-тарбия берувчи устоз-муаллим олдида маънан етук, комил инсонни тарбиялаш вазифаси турибди. Бу талабни муваффақиятли амалга оширишда халқ педагогикасининг тутган ўрни беқиёс. Бизнинг халқимиз ўз ҳаёти давомида «намунали ул (ўғил), қирмизи қиз» ўстирган. Халқимизнинг ўз тарихи, маданияти, урф-одати, миллий маънавияти, бетакрор – миллий анъана ва қадриятлари, дастурлари бор. Унутилиб бораётган, бироқ таълим-тарбия фаолиятида ўрни беқиёс қорақалпоқ халқ миллий дастурларини ёш авлод онгги-шуурига сингдириш, мактабда таълим–тарбия жараёнларини ташкил этишда қорақалпоқ халқ педагогикасининг энг яхши миллий дастурларини ўргатиб бориш мактаб таълим-тарбиясида кенг татбиқ қилиниши лозим.

Қайси халқ бўлмасин, у ўз авлодларига тарбия жараёнида миллий маънавий қадриятларни, миллатга хос барча эзгу фазилатларни таълим-тарбия мезонлари асосида етказиб боришга интилади, «Ўз элининг миллийлигини кўз қорачиғидай сақлашни, хусусан, ёшлар билимли, ҳунарли, маданиятли қобил фарзанд бўлиб вояга етса экан дея армон қилади» [7:24].

Ёшларни миллий анъаналар ва урф-одатлар асосида тарбиялашда, халқимизнинг меҳр-мурувнати, шафоати, тажрибаси, аждодларга ҳурмат, ёши улуғларни сийлаш ва ғамхўрлик қилиш, асраб-авайлаш, одоб-ахлоққа риоя қилиш каби урф-одат ва қадриятларимизни ўргатиш лозим.

Ёшларни халқимизнинг миллий анъаналари ва урф-одатлари асосида тарбиялашда, ўқувчиларга шу асосда тўлиқ маълумот берилади. Унинг тарбиявий аҳамияти кенг татбиқ қилинади. Шу орқали таълим-тарбия соҳасида кўндаланг турган вазифаларни амалга ошириш кўзда тутилади. Буни амалга ошириш учун ўқувчилар билан «Халқимизнинг миллий анъаналарини биласизми?», «Бешик қўшиғи (алла)» – бола тарбиясининг дастлабки босқичи» деган мавзуларда дискус дарслар, фикр алмашувлар, амалий машғулотлар ўтказиш мақсадга мувофиқ.